# *Mbeu Yenyonganiso*

Ndasarudza manheru ano sechidzidzo chipfupi, kana kuverenga kupfupi, Ishe vachitendera, kutipa chirevo chacho, kubva muna Mateo 13:24 kusvika 30. Uye zvakare ndi—ndinoda kuverenga kubva pana 36 kusvika pana 40, munguva shoma-shoma bedzi. Zvino Mutsvene Mateo, chitsauko 13, uye kutanga nendima 24 yechitsauko 13 chaMutsvene Mateo. Nyatsoteererai pakuverengwa kweShoko. Mashoko angu anokundika, asi aVo haangatongokundiki.

> *Akaisa pamberi pavo mumwe mufananidzo, achiti, Ushe hwedenga hunofananidzwa* no*munhu akakusha mbeu yakanaka mumunda make:*
>
> *Asi* avete, *muvengi wake akauya akakusha masawi pakati pe*gorosi, uye *akaenda* nenzira yake.
>
> *Asi* tsuri payakati yamera, *nokubereka, zvino masawi akaonekwawo.*
>
> *Zvino varanda vomuridzi weimba vakauya* uye *vakati kwaari, Ishe,* hamuna *kukusha mbeu yakanaka mumunda menyu here? wawanepiko masawi?*
>
> Zvino *akati kwavari,* Muvengi *aita* izvi. Zvino *varanda vakati kwaari, Ko munoda kuti* tiende . . . *tindoaunganidza here?*
>
> Asi *akati, Kwete; zvimwe kana muchiunganidza masawi,* mu*ngadzura ne*gorosiwo pamwe nawo.
>
> *Regai* zvi*kure zvose zviri zviviri kusvikira* pakukohwa: *nenguva* yokukohwa ndichatumira vakohwi, *Tangai kuunganidza masawi, muasunge zvimwanda kuti apiswe: asi mututire* gorosi *mu*dura.

2 Macherechedza here, "Unganidzai masawi kutanga, uye muaite tsumbu"? Zvino, ndichiverenga izvi, pane chimwe chinhu chinoshamisa chakauya kwandiri pandakanga ndakagara pamusoro peMakomo eCatalina humwe husiku, ndiri mumunamato. Zvino ndakabva ndafunga, "Ndekupi kwandingawane izwi randaizogona kushandisa kune izvi zvandanga ndichida kutaura pamusoro pazvo manheru ano?"

3 Zvino ndikaburuka ndokuwana shoko rekuti *nyonganiso*, saka ndakatora duramazwi ndokutarisa kuti izwi rekuti *nyonganiso* rinorevei. Zvino rinoreva kuti "kudyara kupesana," kana—kana, "kuva anopesana," sezvinotaurwa naWebster, "kudyara kupesana, chimwe chinhu chakasiyana," kana, "kuva uchipesana nezvitoripo." Saka ndafunga, musoro wenyaya manheru ano, ndichaudaidza kuti: *Mbeu Yenyonganiso*. Uye

ndinovimba kuti Ishe vacharopafadza Shoko raVo zvino patiri kusvika kwaRiri.

4 Uye tinoziva zvakare kuti Vakadudzira, mundima 36 uye—uye kusvika 43, kuti mbeu iyi yakaibva sei. Zvino tichiri pazviri, ngatingoverengai izvozvo zvakare, ndima 36 zvino kusvika pa 43.

> Zvino *Jesu* akati *aendesa vanhu vazhinji,* Iye *akapinda mumba:* zvino *vadzidzi vake vakauya kwaari,* vachiti, *Tidudzirei mufananidzo wamasawi omumunda.*
>
> Zvino *Akapindura* uye *akati* kwavari, *Anokusha mbeu yakanaka ndiye Mwanakomana womunhu;*
>
> Zvino *munda inyika; mbeu yakanaka ndivo* vana *voushe;* asi *masawi ndiwo* vana *vowakaipa;*
>
> *Muvengi* anoakusha *ndiye dhiyabhore;* kukohwa *ndiko kuguma kwenyika;* uye vakohwi ndidzo ngirozi.
>
> Naizvozvo *masawi sezvaanounganidzwa achipiswa mumoto; ndizvo zvichaitwa pakuguma kwenyika* ino.
>
> *Mwanakomana womunhu achatuma* ngirozi dzake, uye vacha*unganidza* kubva *muushe hwake zvose zvinogumbusa, navanoita zvisakarurama;*
>
> Uye *vachavakandira* mumoto, *vira romoto: ipapo pachava nokuchema, kana kuti vachachema nokugeda-geda kwemeno.*
>
> *Ipapo vakarurama vachapenya sezuva muushe hwaBaba vavo.* Uyo ane nzeve. . .*ngaanzwe.*

5 NdiJesu achipa dudziro yemufananidzo, pachaKe, naizvozvo tinoziva zvino zvinoreva dudziro yacho. Uye zvino tichiswedera kune izvi, zvekudyara mbeu ne—nekukohwa, zvino Anozvidudzira. Zvino ndinotenda kuti Jesu aitaura mufananidzo uyu muzuva raKe, asi akanga achiurevera kuzove uri pakuguma kwenyika, kana kuti, kuguma kwezera, rinova zuva *rino*. Uye ndinotenda kuti chidzidzo chidiki ichi manheru ano chakanyatsokodzerana nenguva yatiri kurarama mairi, nokuti Jesu akataura pachena pano kuti “kuunganidzwa kwaizova kumagumo enyika ino,” kuti ndipo paizova nekuguma; kuunganidzwa kwegorosi, uye zvakare nekuunganidzwa kwemasawi nekuapisa, uye nokupinza gorosi muHumambo. Zvino ndinotenda kuti zvaive nenzira iyoyi.

6 Uye rimwe Gwaro rinonditungamirira kuti nditende nenzira iyi, randanyora pano, ndiMateo 24:24, parakataura izvozvo, richitaura nezvembe—mbeu—mbeu yenyonganiso. Jesu akati 2 idzi dzichange dziri pedyo nepedyosa kusvika zvaizonyengera Vasanangurwa chaivo dai zvaibvira. Potse kuita kunge zvimwe chete.

7 Imwe nzvimbo muRugwaro apo pazvakanyorwa, kuti mvura inonaya pane vakarurama nevasina kururama.

8 Ndinorangarira chiitiko changu chekutanga chepakuuya pakati pevanhu vePentekosti. Ndaive kuMishawaka, Indiana. Zvino ndakanga ndiri pakonivenisheni huru, horo yakada kuita seino, apo vekuChamhembe nevekuMaodzanyemba vakanga vauya pamwe chete. Nokuda kwamazuva iwayo, erusaruraganda, vaifanira kusangana kumusoro ikoko. Vaive mapoka makuru 2 ehama dzechiPentekosti. Ndakanga ndisati ndambonzwa nezvavo kana kusangana navo kumashure. Kekutanga pandakambonzwa kutaura nendimi. Uye kumapeto kwemutsara, pakonivhenisheni. . . Ini ndisiri nhengo pakati pavo, ndaingova muparidzi wechidiki weBaptisti, ndakagara kumashure-shure chaiko. Uye ndinorangarira nguva yokutanga yandakanzwa munhu achitaura nendimi, ndakanga ndisingatombozivi kuti chaive chii—chii. Zvino ipapo varume 2 ava, kunyanya, vaigara kumberi, mumwe aitaura nendimi mumwe achidudzira zvataurwa nemumwe murume wacho. Zvino, ndakatanga kunzvera Bhaibheri rangu zvakanyanya nekukwanisa kwandaigona, ipapo zvino, ndokuona kuti izvozvo zvaiva muMagwaro. Ndizvo chaizvo zvaive zviri Gwaro, izvo Mweya Mutsvene waiita.

9 Zvino, ringaita zuva mushure mazvo. . . Husiku ihwohwo moyo wangu wakabatikana zvikuru. Ndakarara mumunda wechibage. Ndakanga ndisina mari yakakwana kuti ndizviwanire po—po—pokurara, saka ndaingova nemari yaikwana kuti ndisvike kumba, zvino ndakazvitsvakira madhonanzi, ane mazuva mashoma, kana kuti mabhanzi, ndiwo, uye ekudya kwemangwanani. Zvino ndaitobvumirwa kuti ndidye navo, asi ndakanga ndisina mari yokuzoisa. Mumazuva iwayo, maiva munguva yekuderera kwehupfumi, muna 1933, saka yaiva—yaiva nguva yakaoma chaizvo. Zvino saka ndakafunga, "Zvino, ndicha. . . Handidi kudya navo, asi ndinoda kuziva zvavainazvo. Vane chimwe chinhu chandisina."

10 Saka mangwanani iwayo ndaive. . . vakandikumbira, "Vashumiri vose huyai papuratifomu uye mongozvizivisa, kuti ndimi ani, kwamunobva."

11 Zvino, nda—ndakangoti, "William Branham, muvhangeri, Jeffersonville," ndikagara pasi. Zvino, panguva iyoyo ndaiva mushumiri muduku pane vose papuratifomu. Zvino zuva rakatevera vakandidana kupuratifomu kuti nditaure. Zvino ipapo mushure mokunge ndakataura, handiti, takava nenguva yakanaka kwazvo, zvino ndakabva ndatanga kusangana nevanhu vakasiyana-siyana vachindikoka kumachechi avo. Zvadaro mushure mazvo ivo. . .

12 Mushure mezvo, handiti, ndakafunga, "Dai ndaigona kusvika paiva nevarume 2 vaya vaitaura nendimi pamwe

nekududzira!" Ndaitsva mumoyo mangu, ndaizvida zvakanyanyisa. Zvino, sezvandakuudzai pakutanga, chipo chidiki chaunoshandisa. Munoziva, zvipo nekudanwa hazvinei nekutendeuka, unazvo hupenyu hwako hwese, munoona, unozvarwa uinazvo, kana zviri zvipo zvaMwari. Saka ini nguva dzose, kubvira ndiri mucheche mudiki, zvaigara zvichiitika kwandiri, vanhu vanondiziva hupenyu hwangu hwese, vanoziva kuti ichokwadi. Zvino, kana ndaifunga... Ndakanga ndisingazivi kuti chaiva chii panguva iyoyo, uye kuchiti chiratidzo, ndakanga ndisingazivi kuti chaiva chii. Asi ndakafunga, "Dai ndangogona kutaura navo!" Zvino, uye mweya waive muchivakwa wainzwika sekunge Mweya waMwari chaiwo.

13 Saka nda—ndakataura nomumwe wavo, uye ndakamubvunza mibvunzo mishomanana, zvino akanga ari Mukristu wechokwadi. Pakanga pasina kupokana nezvazvo, murume iyeye akanga ari mutendi chaiye. Zvino murume aitevera, pandakataura naye, kana ndakambosangana nomunyengeri, akanga ari mumwe wavo. Murume iyeye akanga ari chaizvoizvo...Mudzimai wake akanga ari mukadzi ane vhudzi rakacheneruka, uye aiva nevana ne...vana 2 nemukadzi ane vhudzi dema. Zvino ndakafunga kuti, "Asika, zvino chii? Hezvinoi izvi, ndaka—ndatongovhiringika. Ndiri munhu anotenda zvepamavambo; rinofanira kunge riri Shoko, kana kuti hazvisizvo. Zvino heunoi Mweya uya, mumwe akanzwika, maererano nezvose zvandinoziva, kuva wemazvirokwazvo; uye mumwe wacho akanga asina kunaka zvachose; uye Mweya uchiwira pamusoro padzo dziri mbiri. Zvino, zvingadaro sei?" Ndaizo, ndakatadza kuzvinzwisisa.

14 Makore 2 akatevera, ndakanga ndichinamata ndiri mubako umo mandaienda kunonyengetera. Makawanda guruva mubako, zvino mamwe masikati ndakabudamo, ndikaisa Bhaibheri rangu padanda, zvino mhepo ndokuRivhura kuna VaHebheru, chitsauko 6. Iyo yakataura, kuti mumazuva okupedzisira, zvazvichazove kana tikawa tichibva paChokwadi uye tikazvivandudzazve pakutendeuka, painge pasisina chibayiro chechivi, uye kuti minzwa nerukato, zvakanga zvava pedyo nekuraswa, kuguma kwazvo zvichizopiswa; asi mvura inonaya panyika, kazhinji, kuzoidiridza, nokuigadzira; asi minzwa norukato zvicharambwa, asi gorosi richazounganidzwa. Uye ndakafunga, "Zvinoka, ingori mhepo yaita sekuvhura kudaro." Zvino, ndakangogadzika Bhaibheri pasi zvakare. Uye ndakafunga, "Asika, zvino ndichango..." Zvino hepanoi mhepo yakauya ndokuvhuvhuta ikaRivhura. Izvozvo zvakaitika ka 3. Uye ndakafunga, "Manjeka, zvino, zvinoshamisa."

15 Zvino ndakabva ndasimuka, ndikafunga, "Ishe, sei Muri kundivhurira Bhaibheri iroro kuti ndiverenge izvozvo, ini... pandakasvika zasi ipapo, apo 'minzwa norukato, zvava pedyo

nokurambwa, kuguma kwazvo zvichapiswa'?" Ndakafunga, "Sei, Mandivhurirawo izvozvo ipapo?" Uye sekutarisa kunze . . .

16 Zvino, zviratidzo zvechokwadi izvi zvinouya pasina kudhonza rimwe giya. Vangori Mwari. Maona? Ndakatarisa uye ndikaona nyika yakanga ichitenderera pamberi pangu, uye ndikaona kuti yakanga yakarimwa. Paiva nemurume akanga akapfeka nguwo chena, akafamba achikusha gorosi. Zvino mushure mokunge apota pajengachenga renyika; kwakauya mumwe murume, aitaridzika kutyisa, akanga akapfeka zvitema, uye akanga achikusha mbeu yemasawi kwese hako. Dzose dziri mbiri dzakakurirana pamwe chete. Uye padzakadaro, dzose dziri mbiri dzakanzwa nyota, nokuti mvura inonaya yaidiwa. Zvino imwe neimwe yaiita sokunge yaive iri kunamata, yakarereka musoro wayo mudiki, "Tenzi, nayisai mvura, nayisai mvura." Zvino makore makuru akasimuka, mvura ndokunaya pamusoro padzo dzose dziri mbiri. Payakadaro, gorosi diki rakabva kasvetuka ndokutanga kuti, "Ishe ngavarumbidzwe! Ishe ngavarumbidzwe!" Zvino sawi duku rakasvetuka padivi rimwe chetero, uye rikati, "Ishe ngavarumbidzwe! Ishe ngavarumbidzwe!"

17 Zvino chiratidzo chakadudzirwa: Mvura inonaya pane vakarurama nevasina kururama. Mweya mumwe chete unogona kuwira mumusangano, uye munhu wose ofara mauri: vanyengeri, Makristu, uye navose pamwe chete. Ndizvozvo chaizvo. Asi chimbori chii? Nezvibereko zvavo vanozivikanwa. Maona? Ndiyo chete nzira yazvinogona kuzivikanwa nayo.

18 Wobva waona izvozvo zvino, sezvo maotsi emusango, kana gorosi remusango nezviyo dzimwe nguva zvinotevedzera tsanga yechokwadi, yepamba, zviri pedyosa zvekuti zvaitozonyengera Vasanangurwa chaivo. Ndinofunga kuti tiri kurarama muzera rakafanira, apo zvinhu izvi zvinofanira kuparidzwa uye nokutaurwa nezvazvo.

19 Cherechedzai mundima 41, idzi 2 zvakare dziri pedyosa, pedyosa mumazuva okupedzisira kusvikira haVana kuita . . . Vaisagona kuvimba neimwe chechi kuti ivapatsanure, toti, Methodisti kana Baptisti, kana maPentekosti, kuti idzipatsanure. Akati, "Vanotuma ngirozi dzaVo kuzodzipatsanura." Mutumwa ari kuuya kuzounza kupatsanurwa, kusarurwa pakati peyakanaka yacho neyakaipa yacho. Uye hapana anogona kuita izvozvo kunze kweMutumwa waJehovha. Iye ndiye Wacho achataura kuti yakanaka ndeipi uye yakaipa ndeipi. Mwari vakati Vachatuma ngirozi dzaVo munguva dzekupedzisira. Kwete ngirozi dzakapfuura nezasi *kuno,* asi ngirozi panguva yekupedzisira, uye dzichazounganidza pamwe chete. Tinoziva kuti ino inguva yekukohwa iri kuuya zvino. Zvino, *ngirozi* inodudzirwa chaizvoizvo kuti "mutumwa." Uye tinoona kuti kune ngirozi 7 dzemachechi 7, uye zvino . . . kwete, nemumazera echechi.

20 Cherechedzai avo vaAkati vaive vakushi, uyewo kuti mbeu yaiva chii. Mumwe, mukushi aive ari iYe, Mwanakomana waMwari, Akaenda achikusha Mbeu. Zvino muvengi akauya shure kwaKe, uyo aiva dhiyabhore, ndokukusha mbeu yenyonganiso, mushure mekukushwa kweMbeu chaiyo. Zvino, shamwari, zvakaitika nemuzera rega-rega kubva patakava nenyika. Chaizvoizvo. Nzira yose kubva pamavambo, zvakatanga chinhu chimwe chetecho.

21 Zvino Akati, "Mbeu yaMwari, Shoko raMwari." Jesu akati, pane imwe nzvimbo, kuti "Shoko iMbeu." Uye mbeu yese ichabereka zverudzi rwayo. Uye zvino kana Mukristu, vana vaMwari, vana veHumambo vava Mbeu yaMwari, saka vanofanira kuva Shoko raMwari, Shoko raMwari riri kuratidzwa muzera ravari kurarama mariri, kuMbeu yakavimbiswa yezera iroro. Mwari vakapa Shoko raVo pakutanga, uye zera roga-roga rakave neMbeu yaro, nguva yaro, vimbiso dzaro.

22 Zvino, Noa paakauya panzvimbo, uye akanga ari Mbeu yaMwari, Shoko raMwari rezera iroro.

23 Mosesi paakauya, haana kukwanisa kuuya nemharidzo yaNoa, hayaishanda, nokuti akanga ari Mbeu yaMwari panguva iyoyo.

24 Zvino pakauya Kristu, haAigona kuuya nezera raNoa kana raMosesi; yakanga yava nguva yaKe, yokuti mhandara ibate pamuviri igokubereka Mwanakomana, zvino Aizova Mesiya.

25 Zvino, takararama nemuzera raLuther, zera raWesley (zera reMethodisti), zvichidzika nemumazera ose, nezera rePentekosti, uye zera rega-rega rinopihwa vimbiso yeShoko. Uye vanhu vezera iroro, vanoratidza Shoko rakavimbiswa iroro, ndivo Mbeu yezera iroro, maererano nezvakataurwa naJesu ipo pano, "Ndivo vana veHumambo." Ndizvozvo. Kuratidzwa kweMweya Mutsvene uchishanda kuburikidza nemuvana vaKe ndivo Mbeu yeHumambo pazera iroro.

26 Cherechedzai, masawi ndiwo acho aive, muvengi, Satani, akadyara nyonganyonga, kana kuti mbe—mbeu yenyonganiso, ndiye aiva nemhosva yekuita chinhu chakaipa ichi. Satani akakusha mbeu yake kubva pakutanga, Mwari pavakaisa goho raVo rekutanga revanhu panyika. Adhamu, hongu, akange asati aziva kuti kwaive nezi—zivo yechokwadi, neyechakanaka nechakaipa, zvino akanga asati asvika pairi nazvino.

27 Asi tinoona kuti, Mwari vakapa vana vaVo Shoko raVo kuti rive Dziviriro yavo. Yavo. . .Hatina imwe Dziviriro kunze kweShoko raMwari. Ndiyo Dziviriro yedu. Hakuna mabhomba, hapana pekuhwanda, hapana nzvimbo dzekuhwanda, hapana maArizona kana maCalifornia, kana kupi zvako kwakungava; kune Dziviriro imwe chete yatinayo, uye ndiro Shoko. Zvino

Shoko rakazoitwa nyama rikagara pakati pedu, rinova Kristu Jesu. Ndiye Dziviriro yedu chete. Tiri maAri, takachengeteka.

28 Hapana kana chivi chinoverengerwa kumutendi chaiye. Maizviziva here? Uyo akaberekwa naMwari, haaiti chivi, haangatadzi. Maona? Hachimboverengerwe. Handiti, Dhavhidha akati, "Akaropafadzwa munhu asingaverengerwi chivi naMwari." Kana uri muna Kristu, hauna chido chekutadza. "Munamati, kana anatswa kamwe, haachina hana yechivi," hauchishuviri. Zvino, kunyika, unogona kunge uri mutadzi; asi, kuna Mwari, hausi, nokuti uri muna Kristu. Ungava sei mutadzi iwe uri muna iYe asina chivi, uye Mwari vanongoona iYe wauri maAri?

29 Zvino nguva ino yekukohwa. Pakutanga, Mwari pavakadyara Mbeu yaVo panyika uye vakaIpa mumwoyo yevana vaVo, mhuri yaVo, kuchengeta Shoko iroro, ndiko kwaiva kuchengetedzwa kwavo bedzi, kuchengeta Shoko iroro! Heunoi muvengi achipinda ndokupwanya ruzhowa irworwo, nekudyara mbeu yenyonganiso, yaipesana neShoko raMwari. Kana yaive nyonganiso pamavambo, ichiri. Chero chinhu chinowedzera chii zvacho kuShoko raMwari, chichiri mbeu yenyonganiso! Handina basa nekwachinobva, kana chichibva kusangano, kana chichibva kumauto, kana zvichibva kumasimba ezvematongerwo enyika, chero chinopesana neShoko raMwari, imbeu yenyonganiso.

30 Kana munhu akamira achiti muparidzi weVhangeri, uye otaura kuti "mazuva ezvishamiso akapfuura," ndiyo mbeu yenyonganiso. Kana munhu akamira achizviti mushumiri, mufundisi weimwe chechi yeimwe nzvimbo, uye asingatendi kuti Jesu Kristu mumwe chete mune zvose (kunze kwemutumbi wenyama), mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, ndiyo mbeu yenyonganiso. Paanotaura kuti "zvishamiso uye nezera revaapostora rakapfuura," imbeu yenyonganiso. Pavanoti, "Hakuna chinhu chakadai sekupodza kwaMwari," imbeu yenyonganiso. Uye nyika izere nayo. Yakafasa uye ichivhunga gorosi.

31 Tinoona kuti mudyari wekutanga wembeu yenyonganiso akanzi iye "dhiyabhore," uye tinoziva kuti maiva, muna Genesi 1. Zvino tinoona, uye neche apa mu—muBhuku raMateo, chitsauko 13, Jesu achiri kutumidza chero nyonganiso zvayo kuShoko raKe kuve "dhiyabhore." Zvino 1956 uyu, chero chinhu chinodyara nyonganiso, zvinopesana neShoko raMwari rakanyorwa, kana kuisa chero dudziro yepakavanda kwaRiri, imbeu yenyonganiso. Mwari havazozviremekedzi. Havakwanisi. Hazvisangani. Zvechokwadi hazvizodaro. Zvakaita setsanga yemasitadhi; haivhengani nechimwe chinhu, haugone kuisanganisa, inofanira kuva chinhu chamazvirokwazvo. Mbeu yenyonganiso!

32 Zvino tinoona, Mwari pavakadyara Mbeu yaVo mubindu reEdheni, tinoona kuti yakabereka Abheri. Asi Satani

paakadyara mbeu yake yenyonganiso, yakabereka Kaini. Imwe yakabereka uyo akarurama; imwe ikabereka uyo asina kururama. Nokuda kwekuti Evha akateerera kushoko renyonganiso, rinopesana neShoko raMwari, zvino ndipo pakatangira chivi kufamba ipapo, uye chakazogara chichifamba kubva ipapo. Uye hatife takachibvisa chese zvacho kusvikira ngirozi dzauya dzozopatsanura chinhu chacho, uye Mwari vanoendesa vana vaVo kuHumambo, uye masawi achapiswa. Cherechedzai madzinde 2 aya.

33 Dai taingova nenguva yakawanda pachidzidzo ichi, asi kungorova nhongonya dzacho, kuti tigokwanisa kuchinyatsopinda mukunamatira vanorwara mumaminetsi mashoma anotevera.

34 Cherechedzai, mbeu dzavo dzakakura pamwe chete sezvakarehwa naMwari pano zvakare muchitsauko 13, chenyaya yedu manheru ano, chaMateo, "Regai zvikurirane pamwe chete." Zvino, Kaini akaenda kunyika yeNodhi, ndokuzviwanira mukadzi, ndokuroora; zvino Abheri akaurayiwa, uye Mwari vakamutsa Seti kuti atore nzvimbo yake. Zvino zvizvarwa zvakatanga kufambira mberi, pakati pechakanaka nechakaipa. Zvino, tinocherechedza kuti vakaungana, mumwe nomumwe wavo, nguva nenguva, uye Mwari vakatozo. . . Zvakasvika pazvakaipa kwazvo kusvikira Mwari vatozozviparadza.

35 Asi pakupedzisira dzakazobuda kusvikira mbeu idzodzo dziri mbiri, mbeu yenyonganiso neMbeu yaMwari, dzakabuditsa misoro yadzo chaiyo, uye dzikagumira muna Judhasi Iskariyoti nemuna Jesu Kristu. Nokuti, Aiva Mbeu yaMwari, Akanga ari mavambo ezvisikwa zvaMwari, Akanga asiri chimwe chinhu kunze kwaMwari. Uye Judhasi Iskariyoti akaberekwa ari mwanakomana wokuraswa, akabva kugehena, akadzokera kugehena. Jesu Kristu aive Mwanakomana waMwari, Shoko raMwari rakaratidzwa. Judhasi Iskariyoti, munyonganiso yake, akanga ari mbeu yadhiyabhore, akauya munyika, uye kuzonyengera; sezvaaiva pamavambo, Kaini, baba vake vokutanga.

36 Judhasi aingoita dambe nechechi. Akanga asina kunyatsoperera. Chaizvoizvo akanga asina kutenda; angadai asina kumbotengesa Jesu. Asi, munoona, akadyara mbeu iyoyo yenyonganiso. Akafunga kuti aigona kuita hushamwari nenyika, hupfumi, uye agovawo nehushamwari naJesu, asi akanga atononokesa kuti aite chimwe chinhu pamusoro pazvo. Nguva yacho payakasvika, paakaita chinhu ichi chakaipa, akayambuka mutsara unopatsanura kuenda mberi nekudzokazve. Akatozoenda mberi nenzira yaakaenda nayo, somunyengeri. Akadyara mbeu yenyonganiso, akaedza kuti afarirwe nemasangano makuru iwayo ezuva iroro, nevaFarisei nevaSadhusi. Uye akafunga kuti anozviitirawo tumari, uye ozove nemukurumbira pakati pevanhu. Kana

izvozvo zvisingakonzerese vanhu vazhinji kwazvo kupinda munyonganiso iyoyo, vachiedza kuwana kufarirwa nevanhu! Ngatitsvagei kufarirwa naMwari, kwete nevanhu. Asi ndizvo zvakaitwa naJudhasi apo nyonganiso idzi dzakanogumira maari.

37 Uye tinoziva kuti Jesu aive Shoko, Mutsvene Johane 1, yakati, "Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama ndokugara pano pakati pedu." Zvino, Shoko iMbeu, zvino Mbeu yakava nyama ndokugara pakati pedu.

38 Kana Judhasi aive mbeu yemuvengi uye nenyonganiso, yakazovawo nyama ndokugara pakati pedu mumunhu waJudhasi Iskariyoti. Haana kumbova nekutenda kwechokwadi, chaiko. Aive nekwa*aifunga* kuti kutenda. Pane chinhu chakadai sekuva nekutenda; uye nekutenda kwekabanga.

39 Zvino kutenda kwechokwadi kwaMwari kunotenda muna Mwari, zvino Mwari iShoko, hakuzombowedzera chii zvacho kwaRiri. Bhaibheri rinotiudza kuti kana tikawedzera shoko rimwe, kana kubvisa Shoko rimwe chete, chikamu chedu chichabviswa muBhuku reHupenyu, Zvakazarurwa 22:18, chitsauko chokupedzisira chinovhara.

40 Pamavambo epakutanga, Bhuku rekutanga reBhaibheri, Mwari vakavaudza kuti vasatyora Shoko rimwe chete raRo, "Shoko rose rinofanira kuchengetwa," vanofanira kurarama neShoko iroro. Jesu, pakati peBhuku, akauya akataura kuti muzera raKe, ndokuti, "Munhu haangararami nechingwa chete, asi neShoko roga-roga ri—rinobuda mumuromo maMwari." Uye muzera rekupedzisira raZvakazarurwa, zvakafanotaurwa kwatiri, kuti, "Ani naani achabvisa Shoko rimwe kubva muBhuku, kana kuwedzera shoko rimwe kwaRiri, chikamu chake chichabviswa muBhuku reHupenyu."

41 Nokudaro hapagoni kuva nechisinganyatsooneki, ringori Shoko raMwari remazvirokwazvo, risina kusvibiswa! Ndivo vanakomana vaMwari, vanasikana vaMwari, vasina kuberekwa nokuda kwomunhu, kana nokukwazisana ruoko, kana imwe mhando yerubhabhatidzo; asi vakaberekwa muMweya waMwari, neMweya Mutsvene, uye Shoko richiZviratidza kubudikidza nemavari. Ndiyo Mbeu yaMwari yechokwadi!

42 Muvengi anojoinha chechi obva anonyatsotevedza chitendwa kana chimwe chinhu. Asi handiyo. . . Inyonganiso iyoyo, chero chipi chinovhiringidza mhando iyoyo yeChokwadi chemazvirokwazvo cheShoko raMwari.

43 Uye tinoziva sei? Tinoti, "Zvino, ivo, une kodzero yekuRidudzira?" Kwete, changamire! Hakuna munhu ane kodzero yekududzira Shoko raMwari. Ivo ndiVo vanozvidudzirira pachaVo. Vanozvivimbisa, vobva Vazviita, ndiyo dudziro yacho. PaVakaRivimbisa, Vakabva vaRizadzisa,

ndiyo dudziro yaRo. Chero chinhu chinopesana neShoko raMwari inyonganiso! Zvamazvirokwazvo!

44 Zvino, sezvandambotaura, Judhasi akanga asina kutenda chaiko. Aiva nokutenda kwekabanga. Aiva neku—kutenda kwaaifunga kuti akanga ari Mwanakomana waMwari, asi akanga asingazivi kuti akanga ari Mwanakomana waMwari. Angadai asina kuzviita. Uye munhu anorerutsa paShoko raMwari rino kuve iChokwadi, ane kutenda kwekabanga. Muranda waMwari wechokwadi anobatirira paShoko iroro.

45 Husiku hushoma hwapfuura, mumwe mushumiri, wekuArizona, wechimwe chikoro chikuru, chine mukurumbira muno muguta rino, akauya kwandiri akati, "Ndi—ndinoda kukugadzirisai pane chimwe chinhu" (ndikati . . .) "kana mawana mukana."

Ndakati, "Uno ndiwo mukana wakanakisa wandinoziva nezvawo. Huyai zvenyu."

46 Uye saka akauya, akati, "VaBranham, muri kuyedza . . . Ndinotenda kuti makaperera uye makatendeseka, asi muri kuyedza kuzivisa kunyika Dzidziso yechiapostora." Uye akati, "Zera revaapostora rakaguma nevaapostora."

47 Ndikati, "Chinhu chekutanga chandinoda kukubvunzai, hama yangu, munotenda here kuti Shoko rose raMwari rakafemerwa?"

Akati, "Hongu, changamire, zvirokwazvo ndinotenda."

48 Ndakati, "Zvino, mungandiratidzawo here muShoko pakagumira zera revaapostora? Zvino, ndiratidzei pazviri, ndichatenda pamwe nemi." Ini ndikati, "Munyori wechiapostora, uyo aive nemakiyi eHumambo, pazuva rePentekosti pakaziviswa zera revaapostora, akati, 'Varume hama, tingaitei kuti tiponeswe?' Akati, 'Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, uye mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu, kuti mukanganwirwe zvivi, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene, nekuti vimbiso ndeyenyu nekuvana venyu, nokuna vari kure, kunyangwe navose vachazodanwa naIshe Mwari wedu.' Zvino, ko Shoko ringaZvipikisa sei?"

Murume akati, "Ndine dzihwa rinotyisa manheru ano."

Ndikati, "Ndinofungawo saizvozvo, zvakare." Maona?

49 Zvino ndiudzei, Mwari vachiri kudana here? Kana Mwari vachiri kudana, saka zera revaapostora richiripo. Zvirokwazvo! Vose vachadanwa naIshe Mwari vedu, vachazodanwa, vachazombodana, vose vaVachadana, richaramba riri zera revaapostora, nokuti Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

50 Zvino, tinoona nhasi kuti nyonganiso iyi yakadyarwa nemuzera roga-roga. Dai zvaikwanisika kuzviwana mumaminetsi 10 kana 15 anotevera, ndaizozviita, asi haugone.

Zvichidzika nemumazera . . . Tose tiri, vazhinji vedu tinoverenga Bhaibheri. Uye zvino sepakauya Jesu, uye Akawana nyonganiso iyoyo, ichipesana. Akanga ari Shoko rakaratidzwa, Akanga ari dudziro yaMwari yeShoko, nokuti Akati, "Nzverai Magwaro, nokuti maAri munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi, uye ndiwo acho anopupura nezvaNgu." Hezvoka izvo. Iye—Iye akanga ari dudziro yeShoko. Uye mwanakomana nemwanasikana wese waMwari akaberekwa patsva wezera rino idudziro yeShoko. Muri tsamba dzakanyorwa, dzinoverengwa navanhu vose. Hongu.

51 Cherechedzai, Akati, "VanoNdinamata pasina, vachidzidzisa nyonganiso seDzidziso. VanoNdinamata pasina, vachidzidzisa seDzidziso nyonganiso, dzidziso dzavanhu, zvitendwa zvevanhu, vachidzidzisa izvozvo seShoko raMwari, izvozvo zvisina nechekuita neShoko raMwari."

52 Tarisai, zera rega-rega rinobereka mhando yakadaro yembeu, zera rega-rega rakazviita, uye redu harina pembedzo. Tine chinhu chimwe chete, uye zera guru racho kupfuura mamwe mazera ose akasanganiswa, nokuti uku ndiko kuguma kwenhoroondo yenyika. Iyi ndiyo nyonganiso huru yakambovapo panyika, iri pachiso chenyika nhasi. Nyonganiso mune mamwe mazera yakavabvisa pana Mwari wechokwadi mupenyu, ichivaendesa kuzvifananidzo. Nhasi, Jesu akati muna Mateo 24:24 kuti zvichava zviri pedyosa, zvaizonyengera Vasanangurwa chaivo dai zvaibvira. Taura nezvenyonganiso! Oo, zvine hunyengeri kwazvo. Satani ari pakati pevanhu, uye angori mudzidzi chaiye webhaibheri, Chiremba chaiye weDivinity, anogona kudzidzisa Shoko iroro potse zvakanyatsokwana. Jesu akataura kudaro. Asi ingomutarisai, pachave nepamwe panhu. Akati, "Asika, zvino, zvakanga zvisiri zveino." Oo, hongu, ndizvo, zvakare, munoona, nokuti Mwari vakati zvaiva.

53 Tarisai zvayakaita. Nyonganiso imwe chete iyoyo yakaunza kutsamwa kwaMwari pamazuva aNoa, apo Mwari vakatuma muporofita waVo kunze uye akaparidza semoto waibvira, akadana kuti vanhu vatendeuke, uye venyonganiso ndokunyura. Zvino Satani akaitei? Akauya nekuseri chaiko, muna Hamu, ndokutanga kuikusha zvakare. Ndizvozvo chaizvo.

54 Ndokubva kwauya Mosesi, muporofita mukuru, kuti abudise vana veIsraeri kubva murenje. Chii chakaitika? Mosesi, muporofita mukuru waMwari, achivaunzira Zvokwadi yamazvirokwazvo, Zvokwadi yakasimbiswa. Akanga asangana naMwari. Mwari vakaratidza kuti vakanga vasangana naYe. Kuti vanhu ivavo kumashure uko, vaprisita ivavo, zvino vaive nezvitendero zvavo, tsika dzavo, maitiro avo nezvose, asi Mosesi akamira sechisimbiso chedudziro yeShoko. Musakanganwa izvozvo! Mosesi aive dudziro yaMwari yevimbiso yaVo. Vakati vaizozviita; aive dudziro yaMwari.

55 Chii chakaitika? Chechi ichangotanga kubuda muEgipita, iri patsoka dzayo mazuva mashoma, zvino chii chakaitika? Satani akauya nenyonganiso yake mumunhu, Kaini wechipiri, aive Bharami, zvino akadyara nyonganiso pakati pavo. Tinoziva kuti ndizvozvo. Kuti Bharami, dzidziso yaBharami, yokuti "tese takafanana, tinoshumira Mwari mumwe chete wamunoshumira," pane zvepamavambo, aive ari raiti, nokuti akapirisa chipiriso chakapiriswa naMwari; makondohwe 7, nzombe 7 pamaartari 7, ndokunamata kuna Mwari mumwe chete zvakangokwana sezvakaita Mosesi zasi murenje, zvimwe chetezvo chaizvo. Asi vakanga vasina kufanana! Kufanotiratidza zvaizoitika. Hapo paiva, zvakare, naKaini achiratidzwa muna. . .muna Bharamu uyu pauzima. Zvino hapo paiva naMwari vachiratidzwa muna Mosesi pauzima, vachidudzira Mashoko aVo kubudikidza nemunhu, vachiZvizivisa, vimbiso yaVo, kubudikidza nemunhu. Zvino nyonganiso ndokusimuka.

56 Naizvowo yakazviita munguva yaJudhasi, hoyo achiuya nenyonganiso yake.

57 Uye, rangarirai, chivi ichi chakatendwa nevanhu ivavo, kuti "tese takafanana, tinonamata Mwari mumwe chete, tose tinofanira kuva vechechi imwe chete, tinofanira kuva vanhu vamwe," chivi ichocho hachina kumboregererwa Israeri! Jesu akati, Iye pachake, "Vose vakafa!"

58 Vakaparara, vese kusara kwe 3 vavo. Ndivo vakabatirira uye vakatenda vimbiso. Paya ndonda payakati, "Hatikwanise kutora nyika, uye yakatinyanyira kwazvo," nezvimwe zvakadaro, Karebhu naJoshua vakanyaradza vanhu, ndokuti, "Tinogona nekupfuurira kuitora, nokuti Mwari vakaivimbisa kwatiri! Handina basa kuti zvinopikisa zvakadii!"

59 Uye tichiri kugona kuparidza kupodza kwaMwari, nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, uye tichine simba raMwari rinotipatsanura kubva kuzvinhu zvenyika. Mwari vakataura kudaro! Zera revaapostora harina kumbopera, uye harizoperi, rinoenderera mberi.

60 Saka, tinowana mudyari wekare mumwe chete wenyonganiso. Uye rangarirai, chivi ichocho hachina kumboregererwa. Zvino, hama, kana chisina kumboregererwa nguva iyoyo, ko zvino apo mbeu ye—yemazvirokwazvo yemazera ose iri kuuya pamwe chete?

61 Cherechedzai chinhu chikuru ichi chakaitwa naBharami, chakaramba chichienderera, uye pakupedzisira chakaguma mukuuya kwa—kwaJudhasi Iskariyoti, naJesu. Chaiva chii? Judhasi naJesu vaingove mufananidzo chaiwo waKaini naAbheri. Nokuti, saJudhasi ainamata, naizvozvowo Kaini ainamata. Kaini akavaka artari, akaita chipiriso, akanamata Mwari, aive akangoperera mazviri sezvaiva mumwe wacho.

Asi, munoona, akange asina chizaruro chezvaive Shoko. Akafunga kuti Adhamu naEvha vakanga vadya mamwe maapurosi kana mumwe muchero. Uye Kaini . . . Abheri, nechizaruro, akaziva kuti zvakanga zvisiri izvo; rakanga riri ropa rakavabuditsa, zvino akapirisa gwayana. Uye Mwari vakapupura kuti chipiriso chake chakanga chakarurama. Zvino akaita godo ndokuedza kuuraya munun'una wake. Zvino sekuuraya kwaakaita munun'una wake paartari imwe cheteyo pakafira chipiriso chake, gwayana rakafira paartari, ndizvo zvakaitawo Judhasi Iskariyoti akatengesa Jesu Kristu paartari yaMwari, akaMuuraya sokungouraya kwakaita Kaini Abheri. Nokuti, Kaini aive mbeu yenyonganiso.

62 Ndizvo zvakanga zviriwo Bharami, muporofita akahaiwa, murume aifanira kunge aiziva zviri nani. Uye Mwari vakamuyambira kubudikidza nezviratidzo nezvishamiso, uye kunyange nenyurusi richitaura nendimi dzisingazivikanwe, asi zvakadaro akaenderera mberi zvimwe chetezvo. Akaberekwa kuva mu—mudyari wenyonganiso.

63 Zvino kana Jesu akafanotaura kuti zera rino raizoguma rave munyonganiso hurusa yati yambovapo, zera rekereke yeRaodhikia, rinodziya, rakaMubuditsa muchechi, ringagova sei chimwe chinhu kunze kweiyoyo: Nyonganiso! Zvirokwazvo, ndiyo. Inoperera muzera iroro.

Zvino aive Kaini naAbheri zvakare paKarivhari.

64 Zvino cherechedzai, senguva dzose, Jesu paakangoenda, aenda Kudenga, Mweya Mutsvene wakatumwa kuti udzoke. Ndiyo yaive Mbeu, Mupi weHupenyu kuShoko, sezvatakataura manheru apfuura. Ndiwo unomutsa Shoko. *Kumutsa* zvinoreva "kuunza kuHupenyu." Mweya Mutsvene wechokwadi unongounza kuHupenyu Shoko rauri iWo. Hauunzi chitendwa kuHupenyu, haUkwanise, nokuti haUsi wechitendwa. Hupenyu hweShoko raMwari, nokuti ndiWo Mwari. Maona? Uye Unomutsa Mutumbi iwoyo.

65 Zvino cherechedzai, sezvavakaita. Zvino, uye Bhaibheri rakati, uye—uye Johane akataura kuvana vake akati, "Vana vaduku, makanzwa nezvaantikristu achazouya panyika," akati, "uyo atova munyika, uye achishanda muvana vokusateerera." Zvino, izvi zvakatora makore angangoita 30 mushure mekuuya kweMweya Mutsvene. Tinoona, kuti Mweya Mutsvene pawakauya, Mbeu chaiyo, Mupi weHupenyu chaiye kuMbeu, ipapo ndipo panouya nyonganiso iyoyo zvakare. Uye cherechedzai, zvakaenderera mberi. Yaiva . . .

66 Shoko chairo rakanga rasimbiswa, vaporofita vakare vakanga vasimbisa Shoko raMwari kuti iChokwadi pavaidzika. Kana paine akamboverenga *Nicaea Council*, kana *Pre-Nicaea Council*, mazuva 15 aye ezvematongerwo enyika ane ropa, apo boka ravaRoma zasi ikoko vaida kuunza uye

nekugadzira sangano kubva muchechi iyoyo. Vaporofita vakauya, vakamonera nematehwe emakwai, vachidya miriwo, vakamirira Shoko iroro! Asi zvakaitei? Zvaifanira kuva saKaini, zvaifanira kuva saAbheri, mumwe aifanira kufa. Zvirokwazvo, zvakadaro. Zvino Shoko rakarasikirwa nerunziro yaRo pakati pevanhu, uye vose vakaramba Shoko rechokwadi ndokutora dzidziso dzenyonganiso dzekereke yekutanga yeKatorike. Vakawedzera papa, vakawedzera bhishopi, vakawedzera *ichi, icho, chimwewo*. Vakabvisa chokwadi chaicho chezvinoreva Petro, uye necha—cha—chaMaria, ne—nezvimwe zvose; uye vakagadzira zvifananidzo, uye hapana chimwe chavakagadzira kunze kwemhemberero yechihedheni kubva pane chaingonziwo chitendero cheChikristu. Chaiva chii? Mbeu yenyonganiso! Zvino vakaronga, ndokuronga, kekutanga panyika, chechi. Chaiva chii? Mbeu iya yenyonganiso yakatanga kudyarwa, chimwe chinhu chichiwedzerapo, chichibvisa.

67 Ndiani akambonzwa, muBhaibheri, zvokusadya nyama neChishanu? Ndiani akambonzwa, muBhaibheri, nezvechero chinhu chokusasa panzvimbo yekubhabhatidza, kunyudza? Ndiani akambonzwa nezvezvinhu izvozvo, "Kwaziwai, Maria" kana chimwe chinhu? Ndiani akambonzwa nezvezvimwe zvematakanana akaora eaya maProtestanti, zvakare? Hapana angapomera mumwe mhosva nokuti vamwe chete. Ndizvozvo! Kungoti, ane mhosva pane kadukusa ane mhosva pane zvese! Ndiani akambonzwa Mwari vachishanda musangano? Ndiratidzei imwe nguva apo rimwe rakambova sango uye rikaramba riri benyu. Akafa pakarepo, uye haana kuzombomukazve! Yakwana nguva yekuti chimwe chinhu chiitike, yakwana guva yekuti Mwari vafambe. Zvakauraya runziro pakati pavanhu.

68 Zvimwe chetezvo zvakaitwa muzuva rino. Vanouraya runziro, voti, "Oo, boka revaumburuki vatsvene riya, hapana zvavari." Zvino, manje, inyonganiso! Sangana neShoko chiso nechiso uone zvaRiri, ona kana Mwari vachidudzira Shoko raVo pachaVo. Mwari vanokwanisa kubva pamatombo aya kumutsa vana kuna Abrahama. Ameni.

69 Shoko rakanga ranyatsosimbiswa neMakristu epakutanga iwayo, kuti Mwari vakavadzikinura sei kubva kune zvose, nezvirwere, uye vaive nevaporofita, uye vakataura nendimi, vakadudzira, uye vakapa ndimi dzakaratidza kuva chokwadi chaicho nguva dzose. Asi pamberi peShoko rose iroro rakasimbiswa, vanhu vakaRiramba, uye vakavhotera sangano. Ndivo amai vemasangano ese.

70 Dzose dziri mbiri dzaibva zvizere zvino. Dzakatanga kubereka mbeu zvakare. Yakafa, asi yakadombera zvakare mumazuva aLuther, sezvatinoziva kubva mumharidzo yekutanga pano pakudya kwemangwanani. Yakadombera

muzuva raLuther. Zvino vakaita sei? Pakarepo mushure mekufa kwemunhu mukuru iyeye, vakaita sangano.

71 Yakadombera. Uye zvakare mumazuva aJohn Wesley, apo maAnglican, nedzose chengetedzo dzavo dzekusingaperi uye nezvinhu zvose zvakanga zvaisungirira apo pazvange zvoda kuve zvepasi rose, zvino chii chakaitika? Mwari vakamutsa murume ainzi John Wesley, ndokuuraya chinhu chacho chose. Uye paakangofa, iye naAsbury nevamwe, chii chakaitika? Vakaita sangano, zvino mava nemhando dzose dzemaMethodisti. Zvino kwakauya mumwe kana mumwewo, Alexander Campbell, John Smith, nevamwewo.

72 Pakupedzisira, kwakabuda Pentekosti, ndokubuda ichibva mazviri zvose. Chii chakazoitika zvino? Vakamhanya zvakanaka, chii chakazokudzivisai? Makanyatsodzokera mumadhaka mamwe chetewo amakabuda maari, ndokunyatsodzokera mumatope mamwe chete, mukadzokera kunyonganiso uye nokugadzira masangano, makatozorerutsa paShoko. Uye pese Mwari pavaitumira chimwe chinhu chitsva, maisagona kuchigamuchira. Ndizvozvo! Nyonganiso zvakare! Uye, cherechedzai, sezvandakambotaura rimwe zuva, chikwande chidiki chiya chekutanga chakabuda pamudzi uyu, chakakwira mumashizha chichikwira mumuchekechera, ndokudzokera mugunde zvakare, chichibva chabuda. Chikwande chidiki ichocho chegorosi chakatoda kuita kunge tsanga pachayo, uye takafunga kuti ndiyo, asi kana wachivhura, hamuna tsanga imomo zvachose. Chinongori chinotsigira tsanga kuti ikure machiri, uye chinofawo zvakare, uye hupenyu hunonyatsobuda machiri hwopinda mutsanga. Cherechedzai, saka vanodana makereke akakusha . . .

73 Tinoona nhasi kuti anonzi makereke edu acho, kunyangwe maPentekosti edu, takabuda, takanga tisingagoni kugutsikana, takatozoti tiite mapoka edu pachedu. Zvose zvakauya, takatozova ne*izvi*, tikatozova ne*izvi*, tikatozova nerimwezve boka. Zvino muchinda uyu akasimuka, akati, "Ari kuuya ari pagore jena." Mumwe ndokuti, "Uh-huh, Ari kuuya ari pabhiza jena." "Zvakanaka, tichaita mapoka 2." Munoona, chii ichochi? Kudyara nyonganiso! PaAnouya, chero zvazvingava, Achadudzira Shoko raKe pachaKe paAnouya. Ngatimiririrei kusvika nguva iyoyo. Kubata iyo . . . Kutaura pamusoro pazvo, hautombonzwi Mharidzo yezuva ranhasi. Nguva dzose vachinongedzera kune zvichazoitwa naMwari, kana zvaVakaita, uye vachifuratira zvaVari kuita. Ndiyo nzira yatinowana nayo nyonganiso mazviri.

74 Zvino tinocherechedza kuti nhasi makereke edu, makereke edu ose—ose akadyarira kumhepo, uye ari kukohwa chamupupuri. Hatisisina misangano yeminamato, hatisisina shumiro dzataisimbova nadzo. Dambudziko racho chii? Takaregedzeka pane zvese. Tarisai, kunyangwe kumachechi

edu ePentekosti, aripo akazara nevakadzi vakagera bvudzi. Izvozvo zvaisambobvumirwa. Zviso zvakapendwa, kupenda minwe, mhando dzose dzezvinhu; voisa murume kunze kuno ane . . . sevana Ricky nevamwe vakadaro; vakaroora ka 3 kana ka 4, uye madhikoni; oo, inyonganiso yakadini! Itsvina! Vanozviita sei? Mwari havangave nazvo muChechi yaVo, vanotofanira kuenda musangano kuti vapinde mazviri. Mumwe munhu achitya kutaura chimwe chinhu pamusoro pazvo, nokuti anodzingwa musangano. Mwari, tipei varume vasina kubatana nechimwe chinhu kunze kwaMwari neShoko raVo, vachataura Chokwadi pamusoro pazvo. Ndizvo chaizvo zvatinoda. Takaita sei? Takadyara nyonganiso. Takadyara kumhepo, uye zvino tiri kukohwa chamupupuri.

75 Cherechedzai kuti zvino vari kuunganidzwa pamwe chete kuti vapiswe. Makacherechedza here, Jesu akati, "Kutanga, aunganidzei pamwe chete, asunganidzei, uye mobva maisa zvitsumbu zvose mumurwi mumwe, zvino Ndichazvipisa." Pane katsumbu kadiki kanonzi Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, Lutherani, vose vari kuungana pamwe chete muMubatanidzwa weMachechi ePasi Rose. Chii ichochi? "Aunganidzei kutanga!" Hareruya! Macherechedza here? Anounganidza masawi kutanga, oabvisa pagorosi, oapatsanura: "Aunganidzei pamwe chete mugoapisa." Vese vachapiswa nekutonga kwaMwari, nekuda kwekudyara nyonganiso pakati pevanhu, zvinhu zvava . . . Vane mufananidzo wehumwari, asi vachiramba Simba racho, vachiramba Shoko, kungoti vachengete dzimwe tsika dzechinamato, dzeimwe dzidziso yakapfekedzerwa nemumwe munhu, vachiedza kuisa muShoko raMwari. Hazvishande. Inyonganiso.

76 Ndinodanidzira nhasi, sezvaiva, muporofita mukuru wekare, Amosi, paakadzika muguta riya, akati, "Handisi muporofita, kana mwanakomana wemuporofita. Asi kana shumba ikadzvova, ndiani angarega kutya?" Akati, "Kana Mwari vakataura, ndiani angarega kuporofita?" Akafanotaura kutongwa pamusoro pechizvarwa ichocho, akati, "Mwari wacho wamunoti munoshumira achakuparadzai."

77 Isai izvi, zviri patepi, uye murangarire. Mwari chaiye ano . . . Vanhu ava zvino vari kuunganidza goho guru-guru iri re—reMubatanidzwa weMachechi ePase Rose, uye uchatofanirwa kupinda mauri. Haugone kugara kunze kwawo. Uchabuda mauri sedungamunhu, kana kuti uri kuzopinda mauri. Hapazovi nenzvimbo yepakati nepakati. Uchava munembo wechikara. Hakuna munhu anozogona kutenga kana kutengesa, kunze kwaiye ane munembo, kana ane nyonganiso. Zvino, garai kunze kwazvo! Buda mazviri! Tizai! Garirai kure nazvo! Mwari wavanoti vari kushumira achavaparadza. Mwari mukuru werudo asingazo . . .

Akati, "Zvino, Jesu akanyengetera kuti isu tose tinofanira kuva vamwe."

78 Ipapo Akabva atiwo, "Mungafamba sei pamwe chete, 2 vangafamba sei pamwe chete, kunze kwekunge vatenderana?" Akati "mumwe," saIye naBaba vari Mumwe. Uye Baba vaiva Shoko, uye Aiva Shoko rakaratidzwa. Akanga ari "Mumwe" naBaba, nokuti Akanga ari kuratidzwa kweShoko raMwari rakavimbiswa. Zvino ndizvo zvazviriwo nhasi, kana chero zuva. Hongu, changamire. Mwari Mumwe chete. Vanoda kuti tive vamwe.

79 Ko *uyu* angava mumwe sei, *uyu* achiramba kuberekwa nemhandara, uye *uyu* haadaro, anoramba kupodza kwaMwari, uye *uyu, uyo,* vose zvavo vari munyonganyonga yakadaro? Vamwe vavo havatombotendi muna Mwari, vanotenda kuti Akanga ari Mwanakomana waMwari; vanotenda kuti Akanga ari mwanakomana waJosefa, *anonzi* Mwanakomana waMwari. Zvirokwazvo. Mupatya wemaLutherani, maZwingli, anozvitenda izvozvo, kuti Aingovawo munhu akanaka zvamazvirokwazvo. VeChristian Science vakati Aiva muporofita, angori munhuwo zvake, Akanga asiri Mwari. Handiti, kana dai Akanga asiri Mwari, ndiYe munyengeri mukurusa akambova panyika. Akanga ari Mwari kana kuti akanga asiri chinhu. Akanga ari Mwari! Akanga ari Mwari, pachaKe, akaitwa nyama pakati pedu, muMwanakomana waMwari pahuzima. Zvirokwazvo, ndizvo zvaAiva.

80 Zvino tinoona nyonganiso yapinda. Tinoziva kuti iri pano, hapana anogona kuzviramba. Oo, ini zvangu! Ingocherechedzai. Achaparadza boka iroro rinoti riri kushumira Mwari. Imi zvitarisei.

81 Mwari vakadyara Mbeu yaVo. Ndave kuvhara, nekuti yave nguva yekutanga mutsara wekunamatira. Mwari vakadyara Mbeu yaVo, zvino Mbeu yaVo ndiKristu. Ndichaparidza pamusoro pazvo muhusiku hushoma, apo Mwari vakasarudza kuisa Zita raVo, Ishe vachitendera, zvichida pane kumwe kudya kwemangwanani pandinenge ndine nguva yakati wedzerwei. Tarirai, ndiYe Nzira yoga yokupukunyuka nayo. Ndiye ega Mutongi wechokwadi. Ndiye ega Mwari wechokwadi, hapana mumwe kunze kwaVo. "Ndini Mwari, uye Mwari oga," Vakadaro. Jesu akati, "Uyu ndiwo murayiro: Inzwa, O Israeri, ndiNi Jehovha Mwari wako, angori Mwari 1. Ndini iYe. Munotsvakirei mumwe? Mumwe achauya . . . Ndakauya muZita raBaba vaNgu, uye hamuna kuNdigamuchira. Asi mumwe achauya muzita rake pachake, zvino iyeye muchagamuchira." Zvino vakazviita paNicaea.

"Uri Mukristu here?"

"Ndiri muBaptisti."

"Uri Mukristu here?"

"Ndiri muPentekosti."

"Uri Mukristu here?"

"Ndiri muMethodisti," rimwe zita.

82 Asi kana zvasvika paZita iroro ra "Jesu Kristu," vanofamba vachingoenda kure naRo nekukwanisa kwavangagona, hapana chavanoda chokuita naRo, nokuti ndiYe Shoko uye Shoko rinoZvizivisa. Cherechedzai, Nzira yoga yokupukunyuka nayo! Ndiye Ruva reSharoni, Bhaibheri rakati Akanga Ari. Dunhurirwa rose (muBhaibheri) raMwari nderaJesu Kristu. Aiva Arufa, Omega, Mavambo neMagumo; Uyo Aivepo, Aripo, uye Achazouya; Mudzi neBukira raDhavhidhi, zvose Mudzi neBukira raDhavhidhi; Nyamatsatsi yeMangwanani, Ruva reSharoni, Hapa yomuMupata, Arufa, Omega, Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, ose muna Jesu Kristu! Akanga ari kuratidzwa kuzere kwaJehovha Mwari vakaitwa nyama kuti vagare pakati pedu. Chaizvo izvo zvaAiva.

83 Akanga ari Ruva reSharoni. Vakaitei neRuva reSharoni? VakaRisvina, vakaRipwanya-pwanya, kuti vabuditse zvinonhuwira kubva maRiri. Rozi rakanaka rinofanirwa kusvinwa kuti tiwane zvinonhuwirira kubva murozi. Hwaiva Hupenyu hwakanaka, hakuna kumbova nehupenyu hwakararama saRo, asi Raifanira kusvinwa paKarivhari.

84 Munoona, vakatora chi—chizoro cheRuva reSharoni ndokuchiisa pana Aroni, aifanira kuzodzwa nacho kuti apinde pamberi paShe munzvimbo tsvene, muchidzitiro chitsvene. Aifanira kuzodzwa neRuva reSharoni, kuti apinde kundosasa chigaro chetsitsi gore negore. Uye chizoro ichocho chinofanira kuva paari, sekunhuwirira kwakanaka kuna Jehovha, akatakura ropa regwayana mberi kwake, mushure mokunge asaswa negwayana. Matamba nemabhero ari panguwo dzake, aitofanira kufamba nekamwe kamufambiro, achiti "mutsvene, mutsvene, mutsvene kuna Ishe."

85 Cherechedzai, ndiYe Ruva riya reSharoni, Kunhuhwirira kuya kwakanaka, Chizoro chiri pavanhu vaKe. Haukwanise kuuya pamberi paKe nechero chitendwa, chero chimwewo chinhu, asi wakazodzwa neRuva reSharoni iroro, Shoko. Ndiye zvakare Hapa remuMupata.

86 Zvino, unowana sei opium? Unowana opium paunotora hapa worisvina, unowana opium. Vanachiremba vanoishandisa mumarabhoritari avo. Ukatora murume ari kuhuta-huta pamwe nekushushikana, kana mukadzi, anonzwa kunge ave kuda kupenga, ari kufamba-famba achizhambatata, abatwa nemamhepo, chiremba anotora opium yake yehapa shoma oipinza muruoko rwake kana mutsinga pane imwe nzvimbo, kana yake, zvino vanobva vadzikama. Zvinotombopera kwechinguva. Asi panongopera opium iyoyo, heunoi achitanga zvakare, zvatoipisisa kupfuura zvazvanga zvimbori.

87 Asi ndichakutaurirai, shamwari, unongori mufananidzo weOpium yechokwadi inobva muHapa remuMupata randinoziva. Ndiye Hapa remuMupata. Akasvinwa paKarivhari. Akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, namavanga aKe takapodzwa. Mune izvozvo, kusvinwa ikoko kubva mumaruva, Akanga ari Ruva. Akanga ari Ruva gurusa rati rambokura, rakanga iri Hapa iri romuMupata, neRuva guru iri reSharoni. Zvino Akarembera manheru ano, akatambanudzwa pakati peDenga nenyika, ndinotenda, Akanga ari panguva iyoyo, waro, kuti—kuti abvise zvivi zvenyika nokudzosa kupodzwa kunyika. Zvino Bhaibheri rakati ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

88 Shamwari, Mwari pavakaudza Mosesi, murenje, waiva mu—mufananidzo waVo, kuti asimudze nyoka yendarira. Zvino ndarira inomiririra chivi chakatongwa, nyoka inomiririra, *nyoka yendarira* inomiririra "chivi chakatototongwa kare." Sezvo, *ndarira* iri "Kutonga kwaMwari," seartari yendarira paiiswa zvibayiro. Zvino Eria zvakare akatarira mudenga iye ndokuti matenga akanga akaita sendarira, Kutonga kwaMwari parudzi rwusingatendi rwakanga rwadzokera shure vachibva pana Mwari. Ndarira inomiririra kutonga, kutonga kwaMwari. Zvino nyoka yaimiririra chivi chakatototongwa kare; uye Jesu akanga ari nyoka yacho yakaitwa chivi nokuda kwedu, uye akatora kutonga kwaMwari paAri. Akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, akaiswa maronda nokuda kwekusarurama kwedu, kurohwa kwakativigira rugare kuri pamusoro paKe, uye namavanga aKe takapodzwa.

89 Oo, Mwari vane kabati yaVo izere neOpium, manheru ano, kuitira iwe. Shamwari yeChikristu, uri kurwara uye uri kutambudzika. Oo, wakaneta, zvakatongonyatsokuomera. Hauchakwanisi kuzvitakura zvachose, uno—unozopengereka muzuva ranhasi ratiri kurarama.

90 Mambonzwa here *Life Line* manheru ano, izvo zvavataura, kuti—kuti Russia inoti, muna '55, kuti ivo "zvamazvirokwazvo vachatora hutongi hwakazara pasi rose"? Izvozvo zvisati zvaitika, Kubvutwa kunofanira kuuya. Saka kwaswedera pedyo zvakadii, shamwari? Kwave pano chaipo pedyo zvino.

91 HaungaMutsvake here manheru ano nemoyo wako wese? Ndiye Hapa remuMupata, uye ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Ari pano manheru ano kuti aZvisimudze pakati pevanhu vaKe, sokungosimudza kwakaita Mosesi chiratidzo chechi—chivi, chakatongwa. Uye kwete chivi chete, asi hurwere. Rangarirai, Jesu akati, "SaMosesi akasimudza nyoka yendarira, naizvozvowo Mwanakomana womunhu anofanira kusimudzwawo." Mosesi akaisimudza nokuda kwei? Nokuda kwechivi, kusatenda, uye nekuda kwehurwere. Jesu akasimudzwawo, zvakare, nokuda kwechivi, hurwere, nekusatenda. Akanga ari chinhu chimwe chete.

92 Zvino, manheru ano, mumazuva atava nenyonganiso huru iyi, Jesu Kristu akavimbisa muna Ruka, kuti mumazuva e. . . Kuuya kwaShe kusati kwasvika, zvaizova sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, uye apo Mwanakomana wemunhu aizoZvizarura, seMwanakomana wemunhu akaZvizarura kuna Abrahama zasi uko; Elohim, Mwari, vakaitwa nyama pakati pavanhu, uye vakagarapo naAbrahama uye vakamuratidza, vakamuudza zvaifungwa naSara (akagara shure kwaVo) mutende, waVakanga vasati vamboona. Vakamuudza izvo iye . . . Ndokudana zita rake kuti, "Sara." "Abrahama," kwete rake—kwete zita rake kuti Abrama, raakatanga naro, asi Abrahama. Kwete Sarai, S-a-r-a-i; asi S-a-r-a, "Aripi mudzimai wako, Sara?"

Akati, "Ari mutende kumashure kweNyu."

93 Akati, "Ndiri kuzokushanyirai maererano nenguva yehupenyu." Zvino akabva aseka. Vakati, "Ko asekei?"

94 Zvino, Jesu akati, "Nyonganiso huru iyi isati yaunganidzwa nekupiswa, kuti Mwanakomana womunhu achaZviratidza nenzira imwe cheteyo yaAkaita kare." Uye ndizvo . . . Chii ichochi? Kusimudzwa, patsva, pamberi penyu, kuti Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Munozvitenda here? Ngatikotamisei misoro yedu zvino kuti tinamate.

95 Mwari vanodikanwa, tinoKudai. Shoko reNyu Chikafu chizere kwazvo—kwazvo kwatiri, Ishe. TinongoRida! Tinorarama naRo, Ishe. Zvinoita sekuti kugona kutakura kwedu hakuna kutombokwana. Tinongoda kugara patafura yeNyu, paShoko reNyu, uye toitirwa zvakanaka nemaropafadzo, Ishe, kana tauya pamwe chete sezvizvi, hama nehanzvadzi dzakatengwa neRopa neMwanakomana waMwari, vanova vakatengwa neRopa reNyu. Uye tinouya pano manheru ano, Ishe, takakumikidza husiku uhwu kuti tinamatire vanorwara. Zvino maererano neMagwaro, Makataura kuti "nemavanga takatopodzwa." Hazvichisina basa kunamata zvino (tongoreurura zvivi zvedu), nokuti nemavanga eNyu takato (nguva yakapfuura) podzwa. Oo, izuva rakadini reruponeso! Ivimbiso yaka—yakadini yaEmanueri! Kuti zvirokwazvo IChokwadi.

96 Makati, "Kwechinguva chiduku, uye nyika haizoNdionizve, asi imi muchaNdiona, nokuti Ini" (chisazitasingwi cha "Ini") "Ini ndichava nemi, kunyange mamuri, kusvikira kumagumo enyika." Uye pakupera kwenguva, kugumiswa kukuru uku, Makati, zvisati zvaitika, zvichangova zvakaita senguva iyo moto usati wawira muSodhoma uye ukapisa nyika yeMarudzi, kuti kuchauya chizaruro zvakare cheMwanakomana wemunhu sezvazvaingove paSodhoma. Baba, dai vanhu vakarega kuzvipotsa.

97 Uye ndinonamata, Mwari, sechinhu chidiki chakakwasharara, (kana ndataura zvisizvo, ndiregerereiwo), kudhonza rimwe giya. Ndinovada, Ishe. Ndi—ndinonamata kuti varege kuzvipotsa. Regai huno huve humwe hwehusiku hukuru, Ishe. Dai wese anorwara, anotambudzwa, bofu, chero zvazvingave muno, Ishe, apodzwe manheru ano. Dai mutadzi wose aponeswa. Imo mumwoyo mavo zvino, kana vari vasingatendi, uye dai vagamuchira Kristu panguva ino. Zviitei, Baba. Zvose zviri mumaoko eNyu. Tinozvipira kwaMuri, kuti tiKuonei muchiuya pakati pedu.

98 Uye Makati, muna Johane 14:12, "Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita iye uchaaitawo." Tinoziva kuti MakaZvizivisa kuvanhu, nokuti Maiva Muporofita uya akanzi naMosesi aizomuka. Vakanga vasina kumbova navaporofita kwemazana emakore, nyonganiso yaive kumativi ese, asi zvakadaro Shoko raMwari raifanira kuzadziswa; saka Shoko rakava nyama, uye naizvozvowo nyonganiso. Zvino, Baba, tinozviona zvakare nhasi, nyonganiso ichiva chitsumbu chimwe chikuru; uye tinoona Shoko richiuya nenzira imwe cheteyo. Tiropafadzeiwo manheru ano, Baba. Tinozvikumikidza kwaMuri, neShoko reNyu. Chose chaMunoda kuti tiite, itai nesu, Ishe. MuZita raJesu. Ameni.

99 [Imwe hanzvadzi inotaura neimwe ndimi. Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Hatizivi zvaVataura. Vanogona kunge vari kuda kutiudza chimwe chinhu, saka ingonyatsoremekedzai kwekanguva. [Chibenga chisina chinhu patepi. Hama inopa dudziro.]

100 Ameni. Makamboverenga here...? [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]...Rugwaro apo muvengi aiuya, zvino vose vaive vakaungana pamwe chete, zvino ivo... muvengi akanga ari aine simba guru kwazvo. Zvino Mweya waMwari wakawira pamusoro pomunhu, ndokumuudza, iye ndokuporofita, akataura kwavaizofanira kuenda nekunovahwandira, ivo ndokuparadza muvengi wavo. Hezvinoi zvichiuya zvakare. Heyo nzvimbo yokuparadza muvengi wako, munoona, tora ruoko rwaMwari. Ruoko rwaMwari ndiKristu, hongu, Shoko, saka Ritorei mumoyo yenyu manheru ano tichidaidza mutsara wekunamatirwa.

101 Ndinotenda kuti Billy apa makadhi okunamatirwa zvakare nhasi. B, maB, ngatitorei B, 85. Husiku hwapfuura, taiva ne15 manheru apfuura. Kazhinji tinoedza kutora angangoita 15 pahusiku humwe. Uye ibvai mabata makadhi enyu, tichasvika kwaari, zvino. Ngatiedzei angaita 15. 85. B, saBranham, munoziva. B, 85 kusvika 100. Uye isu...Ngationei, ndiani ane B, 85, simudza ruoko rwako. Une chokwadi...Oo, kumashure, zvakanaka, 85 huya kuno.

102 Zvino, mwanakomana wangu...Kuti zvichida pangave nevatorwa pano, vasingazoziva kuti izvi zvaitwa sei.

Mwanakomana wangu anouya zasi kuno, kana mumwe munhu; kana asingakwanisi kuuya, Hama Borders, mumwewo munhu. Mumwe munhu anouya, otora makadhi aya, 100 rawo, uye akamira pamberi pevanhu zvino anoasanganisa pamwe chete. Saka nokudaro anokupa kadhi, haakwanise kukuudza kuti uchange uri kumusoro kuno papuratifomu, haazvizive. Neniwo zvakare handitozivi. Ndinouya manheru, ndongotora angangoita 10 kana 15, paari ipapo, mumakadhi. Izvozvo hazvinei nechokuita nekupodzwa kwako. Unogona kugara ipapo. Tarisai, manheru apfuura. Vangani vakanga vari pano nezuro manheru, ngationei ruoko rwenyu? Kuti vanhu vakangopodzwa vese kwese-kwese mumusangano wose!

103 Zvino, anga ari 85, 86, 87, 88, 89, 90. Ngativaitei kuti vauye izvozvi. B, 85, 86, 87, 88, 89, 90. Ange ari mumwe. . . Chokwadi, tinoda. . . Uye kana wemumwe munhu. . . Heunoi mumwezve, hongu, zvinozvigadzirisa. 90, 90 kusvika 100 zvino. 90, 91, 92, 93, 94, 95, 96, 97, 98, -9.

104 Kana usingakwanisi kufamba, kana uri. . . Ndiri kuona kuti tine mashoma, mawiricheya 3 pano zvino, 4 ayo, ndinotenda, ndiri kuona. Kana uine kadhi rokunamatirwa, kuti—ndiko kuti nhamba yako ikadanwa, uye usingagone kufamba, ingosimudza ruoko rwako, tichaifambisa kuuya kumusoro kuno.

105 Zvino kana usina kadhi rokunamatirwa, ingogara ipapo unamate, uti, "Ishe Jesu, nga—nga—ngaave ini manheru ano." Vangani muno vasina kadhi rekunamatirwa, simudza ruoko rwako. Oo, ini zvangu! Zvakanaka, zvino regai tingotaura izvi, ndinovimba kuti hazvinzwike sekumhura. Asi pane mudzimai mudiki imwe nguva akanga asina kadhi rokunamatirwa, tingati. Akapinda achimanikidzira nepakati pechaunga, akati (zvino nyatsoteererai), "Kana ndikakwanisa kubata hanzu dzeMurume uyo, ndichapodzwa." Vangani vanoziva nyaya yacho? Zvakanaka. Zvino akaitei? AkaMubata, ndokuenda zvake akandogara pasi. Zvino Jesu akatendeuka, Aiziva paakanga ari. Ndizvo here? Aiziva kuti dambudziko rake raiva rei. Ndizvo here? Aiziva kuti dambudziko rake raivei, saka Akamuudza zvaive dambudziko rake. Zvino akanzwa mumuviri wake kuti kubuda kweropa kwakanga kwamira. Ndizvo here? Nemhaka yei? Akanga aMubata.

106 Zvino, vangani Makristu vari pano manheru ano vanoziva, maererano naVaHebheru, Bhuku raVaHebheru, kuti Jesu iye zvino ndiye Muprisita Mukuru, Muprisita Mukuru anogona kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu? NdiYe here? Zvakanaka, kana Ari Muprisita Mukuru mumwe cheteye, hofisi imwe cheteyo, Muprisita Mukuru, Aizoita sei zvino? Aizoita zvimwe chete sezvaAkaita kareko. Munozvitenda here? Anozoita zvimwe chete sezvaAkaita kareko, kana uchigona kuzvitenda. Zvakanaka. Vangani vanozvitenda izvozvo, simudza ruoko rwako, uti, "Ndinonyatsozvitenda"?

107 Zvakanaka, vasati vaita mutsara wekunamatirwa, ngativei nemutsara wekunamatirwa kunze uko. Ndinoziva Ari pano. Ndi—ndi—ndinonzwa Hupo hwaKe, uye ndi—ndinoziva kuti Ari pano. Huya. Mutsara wekunamatirwa wagadzirira here? Ndanga ndiri kuzodanira kunze uko. Iwe ingo—ingonamata, ingotarisa kuno uye unamate, ingotenda.

108 Mudzimai mudiki akagara pano akanyatsonditarisa, akagara parutivi pemumwe mudzimai akapfeka magirazi. Hamusi kuona iCho chakarembera pamusoro pemudzimai uyo? Tarisai kuno. Maona? Ari kurwara nedambudziko remoyo. Munotenda here kuti Mwari vachakupodzai? Kana muchidaro, simudzai ruoko rwenyu. Ndiro ranga riri dambudziko renyu. Ndizvozvo. Zvino kana ranga riri iro dambudziko renyu, simudzai ruoko rwenyu kuti vanhu vaone, simudzai ruoko rwenyu sa*izvozvi*. Zvino, hamuchisina zvino. Kutenda kwenyu kwakupodzai.

109 Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Oo, pane nyonganiso; asi Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Ndiye here. . . Zvino chingorambai muchinamata, munoona, hausungirwe kunge uri kumusoro kuno, kuti ugoziva.

110 Zvino, uyu mudzimai. Sekuziva kwangu, handina kumbomuona muhupenyu hwangu, angori mudzimai akamira pano, uye awana kadhi rokunamatirwa, uye musingazivi kuti muchadanwa here kana kuti kwete. Mumwe munhu angokupaiwo kadhi rokunamatirwa, zvino imi—nhamba yenyu yadanwa, saka mangouya kumusoro kuno. Ndizvo here? Uye handina nzira yekuziva zvamuri, kuti muri ani, kwamunobva, zvamuri kuda, hapana nezvazvo. Ndingori murume, muri mudzimai. Ndizvozvo. Mufananidzo mumwe chete uyu wakauya imwe nguva muBhaibheri, Mutsvene Johane, chitsauko 4.

111 Zvino unoti, "Maitei, Hama Branham, paye, nguva pfupi yapfuura?" Ndangopinda mune rimwe giya diki riya, munoona. Handizivi, munoona. Anofanira kuzviita. Handizive. Ko mudzimai uya uko? Handisati ndamboona mudzimai uyo muhupenyu hwangu. Mutorwa zvachose kwandiri. Ndinotenda kuti ange ari mudzimai. Ndiani munhu achangopodzwa iko zvino uko muungano? Munga. . . Hongu. Tiri vatorwa mumwe kune mumwe. Kana zviri izvo, ninira ruoko rwako se*zvizvi*. Maona? Handisati ndamboona mudzimai uyu. Asi anga agere apo, achitenda. Zvino, abata chimwe Chinhu, haana here? Hapana chazvinonakira kundibata.

112 Asi zvino hamusi kuona here kuti Bhaibheri iShoko raMwari chairo? Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Tinova matabhenakeri eMweya Mutsvene iwoyo unova Kristu. Maona? Ndiyo Mbeu chaiyo. Zvino kana Mweya Mutsvene iwoyo chaiwo ukapinda muMbeu chaiyo yeShoko, kwete. . .

Haungotori chikamu chaYo (nokuti, dhiyabhore anoshandisa Ichocho), unofanira kuItora yose, munoona, Shoko rose raYo; nokuti, haVazi Mwari vari hafu, iVo ndiMwari zvizere. Maona? Uye ndizvo zvinotora nzvimbo.

113 Zvino, heunoi mudzimai, handisati ndambomuona. Jesu akawana mumwe mukadzi akaita seuyu pane imwe nguva, zvichida asiri muchinhano chimwe chetecho, handizivi. Zvino Akange akagara patsime. Iye—Iye akange achifanira kuenda zasi kuSamaria. Uye tinoona kuti, Samaria yakanga iri pasi pechikomo. Zvino—zvino Akanga achienda Jeriko, waro, uye Akapoterera nekuSamaria, ndokusvika kuguta reSikari. Zvino Akagara pasi patsime, ndokutuma vadzidzi vaKe kunotsvaga chikafu.

114 Marudzi mangani evanhu ari munyika? 3. Vanhu vaHamu, Shemu, naJafeti. Tose takabva kuna Noa. Uye imwe nyika yose yakaparadzwa panguva iyoyo. Marudzi 3 chete evanhu, iye muJudha, Murudzi, nemuSamaria (uyo aive hafu muJudha neMurudzi). Uye ndiwo marudzi ose ari munyika, munoona, 3 chete.

115 Zvinhu zvose zviri muna Mwari zvinokwana muhutatu. Se 3 izvi zvandanga ndichitaura nezvazvo manheru ano: matanho 3 enyonganiso, matanho 3 ayo Shoko rakaitwa nyama, nezvimwe zvakadaro. Maona?

116 Zvino, uye iYe—iYe akataura nemaJudha, akaudza Firipi, paakaunza Natanieri, apo paakanga ari, ndokuti, "Ndamuona paanga ari pasi pemuti." Akaudza. . .Andreya akanga aunza Petro, Akati, "Zita rako ndiSimoni, uye uchanzi 'Petro' kubva zvino zvichienda mberi." Akati, "Uri mwanakomana waJonasi." Maona? Zvino, vose vakanga vari maJudha.

117 Asi apa Anoenda kune Murudzi. . .kwete Murudzi, asi muSamaria.

118 Ino ndiyo nguva yeMarudzi. Haana kumbozviita kana kamwe kuMarudzi. Nzverai Magwaro. Haana zvachose. Asi Akavimbisa, muna Ruka 22, kuti Aizozviita Kuuya kwave kusvika.

119 Asi Akagara pasi ipapo, zvino hepanoi ndokuuya aive hafu muJudha neMurudzi kunze, mumwe mudzimai. Zvino Akati kwaari, "Mudzimai, Ndiunzirewo mvura yokunwa."

120 Mudzimai akati, "Handiti, haMufanire kukumbira izvozvo, zvakanyanya. Tiri. . .Pane rusarura kuno. Muri muJudha, uye—uye ndiri muSamaria."

121 Akati, "Asi dai waiziva wauri kutaura naYe, waizoNdikumbira mvura yekunwa." Akanga Achiitei? Achibata mweya wake. Zvino paAkangoona kuti dambudziko rake raiva rei, zvino, Akamuudza kuti aende kunotora murume wake. Akati akanga asina kana. Akati, "Ndizvozvo, wange uine 5."

122 Zvino, tarisai, vaFarise pavakaMuona achiita izvozvo. Ndizvo, nyonganiso iyoyo iri pakati peShoko, vakati chii? Vakati, "Murume uyu ndiBherizebhabhu, muuki." Maona?

123 Zvino Jesu akati, "Ani nani anotaura izvozvo pamusoro peMweya Mutsvene paUnouya kuzoita zvimwe chete, haazoregererwa." Heyoka nyonganiso yenyu. Maona? Asi Akati Aizovaregerera munguva ipapo, nokuti Mweya Mutsvene wakanga usati wauya; Chibairo, Gwayana rakanga risati rafa.

124 Asi zvino mudzimai haana kufunga izvozvo. Mudzimai akati, "Changamire, ndinoona kuti Muri muporofita." Vakanga vasina kumbova nemuporofita kwemazana emakore. Akati, "Ndinoona kuti Muri muporofita. Zvino, tinoziva kuti Mesiya, anonzi Kristu, paAnouya, ndizvo zvaAchaita."

125 Zvino, kana zviri izvo zvaAkaita, zvino ndiYe mumwe chete zuro, nhasi. Ndiko kuZvizivisa kwaAkaita kareko, hazvisi zvimwe chete here nhasi? Zvinofanira kuva! Zvino, heunoi mudzimai nomurume vasangana zvakare. Ivo havasi mudzimai uya, ini handisi Murume uya. Asi zvisinei Mweya Mutsvene mumwe chete uri pano, uye wakavimbisa kuti mabasa aAkaita, taizoita zvimwe chete mumazuva achazarurwa Mwanakomana womunhu.

126 Zvino, ndisingakuzivei (uye munoziva kuti ichokwadi), hatizivani zvachose, uye makamira pano. Pane zvimwe… Panogona kunge paine chakakanganisika nemi, zvichida hapana, handizive. Asi kana Ishe Jesu vakandizarurira, neMweya waVo Mutsvene, zviri dambudziko renyu, zvino muchatenda here zvino kuti NdiMwanakomana waMwari, uye kwete munhu? Uno unongova mutumbi, tabhenakeri *ino* iyo—iyo Mwari vanoshandisa, chero waVanenge vasarudza. Ivo—Ivo vanozviita nenyasha dzinozvitongera uye nekusanangura. Saka, asi imi tendai. Muchadaro here? [Hanzvadzi inoti, "Ameni."—Mupepeti]

127 Vangani vari muungano vachazvitenda? Pano isu tiri vaviri takamira pano pamberi peChiedza, kuti hatisati tamboonana muhupenyu huno, handitozive kuti mudzimai iyeye ndiani, zvaari, kwaanobva, zvaanoda. Handisati ndambomuona muhupenyu hwangu, zvimwe chetezvo nemudzimai uyo zasi *apo* muhupenyu hwangu. Asi, munoona, hezvinoi zvandiri kuyedza kukuitai kuti muite: bvisai nyonganiso iyoyo kubva kwamuri zvino, uye tendai Shoko kana Shoko raitwa nyama ipo pano pakati pedu. Shoko rinova benyu munyama yedu, zvinoratidza Hupo hwaMwari.

128 Zvino dai Vazvipa kwavari. Vari kuda chikonzero chakanaka. Havana mwana, vanoda mwana. Vane makore angaita 40 ekuberekwa. Izvozvo zvirokwazvo hazvitadzike.

129 Vagere umo chaimo iko zvino, madzimai akanga asingabereki hupenyu hwavo hwose, uye vakauya papuratifomu

sezvizvi, uye Ishe ndokuvapa vana. Vamwe venyu simudzai ruoko rwenyu uko vanoziva. Maona? Maona? Ndakasimudza kasikana kadiki kakaisvonaka rimwe zuva, Svondo, mushure mekunge ndabva pano, Svondo masikati; uyo wekuti amai vake vakanga vasingabereki, Ishe vakataura. Zvino kasikana kadiki, kanhu kadiki kanotapira, kari pano here? Kari papi? Hongu. Hekanoi aka, ipo pano chaipo, kakagara zasi apa chaipo. Amai vacho vagere apo. Hekanoi kasikana kadiki kacho, pachako. Muri kukaona here? Kaive Shoko rakataurwa kubva kuna Mwari.

130 Zvino, muchaMutenda nemoyo wenyu wose here? Munotenda here kuti ropafadzo ramunaro, ramuri kunzwa mamuri zvino, vanga vari Mwari vanga vachipindura? Kana Mwari vakandiudza kuti zita renyu ndiani, kuitira kuti mugopa mwana zita, mungatenda here? Zvino, Mai Thompson, munokwanisa kuenda kumba munova nemwana wenyu, kana mukazvitenda nomwoyo wose.

131 Munotenda nemoyo wenyu wese here? Ingovai nokutenda, musapokana, ingotendai Mwari. Mwari ndiMwari.

132 Makadini, changamire? Ndinofunga kuti tiri vatorwa, zvakare. Nguva yoga yandati ndambokuonai muhupenyu hwangu, zvandinoziva, ndipo pamanga muchiuya apo. Uye ndafunga kuti muri babamunini vaHama Shakarian, kana kuti uya. . .Mashagian, Hama Mashagian, muimbi, pamauya pano. Uye ndazoona kuti manga muri kuenda kumutsara wekunamatirwa. Zvino, zvandiri mutorwa kwamuri, uye, kana kuti kwamuri, uye ini ndiri mutorwa, chero hazvo. Zvino, kana Ishe Jesu vakandiudza chimwe chinhu chamu—chamuri, zvichida chamuri kuda, ngatingotaurei kudaro; kukuudzai, kundiudza zvamuri kuda. Zvino, Vakatokupai kare. Chinhu choga kutenda kwakakwana kuzvitenda.

133 Zvino, vangani vanozvinzwisisa? Kutenda kwakangokwana kwekutenda kuti unowana zvaunenge wakumbira! Maona?

134 Zvino, zvino, kana uri kumusoro kuno uchida chimwe chinhu, uye Vanogona kundiudza zviri chishuwo chako, zvino unoziva kuti handizivi chishuwo chako, zvino chinofanira kunge chiri chimwe Chinhu chiri pano chiri kuzviita. Zvino, maererano neShoko, Akavimbisa kuzviita. Aiziva pfungwa dzaiva mumwoyo yavo. Ndizvo here? Zvakanaka.

135 Mune chishuvo chikuru chekuti mupodzwe. Chinhu chimwe chete, muri kutambudzika nechinhano chekuhuta-huta, kuhuta-huta kwazvo. Ndizvozvo. Chimwe chinhu, mune dambudziko remusana, uye musana iwoyo wanga wakashata kwazvo kwenguva yakati kuti, makatoitwa oparesheni pauri. IZVANZI NAJEHOVHA. Ichokwadi. Munoona. Ndizvozvo. Uye hechino chimwe chinhu, chishuwo chenyu chakadzama, ndechekuti,

munoda kugamuchira rubhabhatidzo rweMweya. Ndizvozvo chaizvo. Huyai pano.

136 Mwari vanodikanwa, muZita raJesu Kristu, dai murume uyu azadzwa neMweya Mutsvene, asati abva panzvimbo dzino, muZita raJesu. Ameni.

Zvino Ugamuchirei, hama yangu. Ingovai nekutenda, musapokana.

137 Makadini? Ndinodaira, sekuziva kwangu, kuti tiri vatorwa mumwe kune mumwe. Kana zviri izvo, handiti, kuitira kuti vanhu vazive, ingosimudzai ruoko rwenyu kuti vaone kuti tiri vatorwa. Handisati ndambovaona muhupenyu hwangu, zvokuvaziva. Uye ndinofungidzira kuti havasati vambondiona, kunze kwekunge kwanga kuri muungano. Nokuti Baba voKudenga vanoziva, uye herino Shoko raVo riri pano, kuti handisati ndamboona mudzimai uyu, zvokumuziva, muhupenyu hwangu. Naizvozvo, handingazive zvamauira pano, handizive kuti muri ani, chii, kana chimwe chinhu nezvenyu. Handingakuudzei chinhu chimwe zvacho.

138 Chinhu chega, chingori chipo. Kana ndichigona... Sezvamandinzwa ndichitsanangura izvozvo nguva yadarika. Ingoswederai, munzwe zvaAnotaura; zvandinoona, ndinogona kuzvitaura. ZvaAsingataure, handizvitaure. Ndinozozvitaura ndiri ini pachangu, uye zvinenge zvisiri izvo. Maona? Zvinenge zvisiri izvo. Asi kana Akazvitaura, ndizvozvo chaizvo. Hazvingambofi zvakadaro, hazvina kumbobvira zvakakanganisa. Hazvingambokanganisi chero bedzi zvichingoramba vari Mwari. Maona? Munoona, nokuti Mwari havambokanganise.

139 Asi kana Mwari vachigona kundiudza zvamuri kuda, zviri chishuwo chenyu, kana—kana zvamauira pano, chimwe chinhu chamakaita, kana chimwewo, chimwe chinhu chakadaro, kana kuti ndimi ani, kwamunobva, kana chipi chaVanoda kundiudza, mungatenda here? Ndatenda.

140 Chinhu chimwe, mune dambudziko netsoka dzenyu. Tsoka dzenyu dzinokunetsai. Ndizvozvo. Simudzai rwenyu...Mune dambudziko remadzimai, chirwere chemadzimai. Uye mune chishuwo chikuru mumoyo menyu, nekuti muchangorasikirwa nemumwe munhu kana chimwe chinhu. Mukomana, uye mwanakomana wenyu akabva pamba, akatiza, uye munoda kuti ndinamate kuti adzoke.

141 Mwari vari Kudenga, tumirai mwana wavo kwavari, uye nekupodzwa. Mweya Mutsvene ngaumise mujaya iyeye munzira manheru ano, umudzosere kuna amai vake. MuZita raJesu. Ameni.

142 Ivo Vanoziva vachamudzosera kwamuri. Musanetseke. Tendai zvino, musapokane. Ingovai nokutenda, nomwoyo wenyu wose. Imi tendai, uye Mwari vachaita zvimwe zvacho zvese.

143 Zvino, iko kungonzvera ka 3 kana ka 4, chero zvakwanga kuri, munoona, nda—ndangoenda kusvika zvava kusaoneka kwandiri. Handikwanise kuzvitsanangura, hapana nzira yekuzvitsanangura. Munoti, "Muri kureva kuti, izvozvo chete zvanga zvakaipa kudarika pamaparidza ipapo kwemaminitsi 45 kana kudarika, munofunga kudaro?" Hongu, changamire. Kana dai anga ari maawa 3, hazvimbove zvakanyanya kudaro.

144 Mumwe mudzimai akabata nguwo yaIshe wedu Jesu. Uye vanhu ivava havasi kundibata. Handiti, mudzimai ari pano uyu, ingotarisai pano, angagona . . . (Isai maoko enyu pandiri. Maona?) Vangondibata kwese hako, hapana chazvaita, ndingori munhu. Asi vanofanira kumubata Iye. Uye ini, nechipo, kungo—kungo . . . zvinongoenda, zvose zvandiri zvinoenda, uye ndinongotaura zvandinoona. Maona? Uye ndizvo zvoga. Munoona, kundibata hakuna zvakunoreva, asi vanobata Jesu kubudikidza neni. Ndiko kubata kwakaita mudzimai iyeye Mwari kubudikidza naJesu, paAkanga asingazivi kuti dambudziko rake raiva rei. Akangobata nguwo yaKe, ndokuenda ndokugara pasi. Zvino Akati—zvino Akati, "Ndiyani aNdibata?"

145 Zvino vaapostori vakati, "Handiti, munhu wese ari kuKubatai. Sei Muchitaura izvozvo?"

Akati, "Asi Ndinoona kuti simba rabva paNdiri."

146 Zvino, munoziva kuti simba chii? Kusimba. Akapera simba pamudzimai mumwe chete achiMubata, zvino Aiva Mwanakomana waMwari. Ko ini, mutadzi, akaponeswa nenyasha dzaKe? Munoziva kuti sei zvakawedzera? Nekuti Akati, "Zvinhu izvi zvaNdinoita, nemiwo muchazviita. Muchaita zvinopfuura izvi, nokuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu." "Zvikuru kudarika," Rakataurwa ipapo, asi dudziro chaiyo yechiGiriki inoti, "Akawanda kupfuura aya muchaaita."

147 Zvino, mudzimai uyu handimuzive. Hapana chandinoziva nezvake. Anongova mutorwa zvachose kwandiri sezvange zviri vamwe vanhu. Tiri vatorwa mumwe kune mumwe. Kungoitira kuti vanhu vazvizive, munogona kusimudza ruoko rwenyu, moti "tiri vatorwa." Zvino, Mwanakomana waMwari, kana iYe pane imwe nguva akambosangana nemudzimai pari pamaonekero akaita seano, patsime, zvino Akataura naye kwekanguva, uye Akaziva paive nedambudziko rake, uye Akamuudza zvaiva dambudziko rake. Uye saka akaziva naizvozvo, kuti akanga ari Mesiya. Zvino nekuti—nekuti nda . . . Mandibata, ndakubatai, uye hapana chaitika. Asi kana kutenda kwangu (nechipo) uye nekutenda kwenyu (nekutenda machiri) kunokwanisa kuMubata, uye Anogona kutaura kubudikidza nesu kuti . . . kubudikidza neni kwamuri, ipapo mobva maziva kuti Ari pano sezvaAiva patsime riya—riya paSikari. Maona? Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Munozvitenda here izvozvo?

148 Mune matambudziko mazhinji kwazvo, zvirwere zvizhinji kwazvo, zvakangovhiringika! Chimwe chezvinhu zvikuru chamunoda kunamatirwa iarthritis. Ndizvozvo. Ndizvo here? Muri kuomeswa mutezo nearthritis. Pamunoona mukasimudza ruoko rwenyu. . .

149 Uye mafamba muchiita sekunonokera, pakurangarira kwangu kwakanakisa. Pamwe imbomirai kwechinguvana, pamwe chimwe chinhu chinogona kutaurwa chichatora. . . Kana, munoziva, unonzwa zvinhu; vanhu, munoziva, semweya uri kuuya kuzorwa naCho. Vanoti, "Handiti, angozvifungidzira izvozvo," kana kuti, munoziva, saizvozvo.

150 Asi, munenge munhu akanaka, ingotaurai neni kwekanguvana. Ngatimirei pano zvishoma, nekuti ndinofunga kuti pane chimwe chinhu chiri mumoyo menyu chamuri kuda kubva kuna Mwari. Zvino, handikwanise kupindura munamato wenyu, asi Anokwanisa ku-. . .Nokuti, kana muchizvitenda, watopindurwa kare. Asi kana muchingoda kutenda; kukuitai kuti mutende. Zvino, ndinokuudzai, zviri maererano nemudikanwi asiri pano, uye ihanzvadzi, uye hanzvadzi iyoyo haisitombori munyika ino. Ari munyika yakaita seine hunyoro, ine madziva akawanda. Ndingati kunge kumwe kwakada kuita sekuMichigan kana kumwe. . .Hongu, kuMichigan ndiko kwairi. Uye ari kurwara nehosha inouraya, uye idambudziko reitsvo risingarapiki raari kunetsekana naro. Ndizvozvo, handizvo here? IZVANZI NAJEHOVHA. Zvino, hengechepfu yamunayo muruoko rwenyu, yamasimudza kuna Mwari, tumirai iyoyo kuhanzvadzi yenyu uye muiudze kuti irege kupokana, asi kuti atende, uye zvichava, achapodzwa zvino kana mukazvitenda.

151 Munotenda nemoyo wenyu wese here? Munoona, zvino, kana uchitenda, pane chinhu chimwe chete chekuita, ndiko, kunyatsozvigamuchira zvachose. Ndizvo here?

152 Zvino unoti, "Ari kutarisa izvozvo, vanhu vacho. Ndizvo zvaari kuita, achivatarisa." Unozviona izvozvo zvakanyanya!

153 Asi kuti mungasaziva izvi. . .Mudzimai uyu ari pano, huyai kumusoro neuku, mudzimai, pano, murwere, chero zvamuri. Handina kumutarisa. Munotenda here kuti Mwari vanokwanisa kundizarurira dambudziko renyu? Simudzai maoko enyu, kana muchidaro, mudzimai ari pano, mudzimai ari pano, murwere. Hongu. Hongu. Zvakanaka, zvino kana mukazvitenda nemoyo wenyu wose, dambudziko iroro reasthma harichazokunetsai zvakare. Zvakanaka, endai kumba munozvitenda!. . .?. . .

154 Handina kumutarisa, Chadaro here? Munoona, Iye. . . Ukatarisa *uku*, chiratidzo chiripo zvisinei kuti chii chinotora nzvimbo. Ameni! Hamusi kuzviona here? Zvakangokwana sekukwana kwakangoita Mwari!

155 Munotendawo, here? Asthma inogona kukusiyaiwo, zvakare, handizvo here? Munotenda kuti ichazodaro here? Zvakanaka, endai munoudza Ishe Jesu kuti mu—munoVatenda.

156 Rimwe zuva uchazofanira kutakura kamudonzvo ka—kadiki uchifamba kana arthritis ikakuremadza, asi haisi kuzozviita. Hamusi, hamutendi kuti iri kuzodaro, ndizvo here? Munotenda kuti muchaita zvakanaka? Endai henyu nenzira yenyu, uye Jesu Kristu anokupodzai.

157 Dambudziko remoyo rinouraya vanhu, asi harifanire kukuurayai. Munotenda here kuti Mwari vachakupodzerai ichocho, nokukuitai muve zvakanaka? Endai muchizvitenda nemoyo wenyu wese, muti, "Ndinotenda zvechokwadi nokuda kwazvo."

158 Munotaura Chirungu? Mononzwisisa Chirungu here? (Mumwe munhu ngaauye.) Hongu, zvakanaka. Mungataurawo naye here zvandichamuudza? Muudzei kana akatenda, dambudziko remudumbu richamusiya. Iye—iye achazvitenda here? Dambudziko renyu remusana richakusiyaiwo, zvakare, saka zvino unokwanisa kuenda nenzira yako ugopodzwa.

Makadini? Munotenda here?

159 Murume uyo akagara apo ane dambudziko remusana, anditarisa pandataura izvozvo. Anogona kupodzwa, zvakare, kana mukazvitenda, changamire. Zvakanaka, changamire.

160 Mudzimai akagara pedyo nemi apo, mune dambudziko remutsipa, hamuna here, amai? Munotenda here kuti Mwari vachakupodzai? Munoda kuisa maoko pamusoro pemukomana mudiki nekuda kwemabvi ake, uye iye anozoporawo, zvakare. Munozvitenda here? Manga muine dambudziko remadzimai, dambudziko remadzimai, hamuchisina zvino. Kutenda kwenyu kwakupodzai uye kwakuitai zvakanaka.

161 Munotenda here Jesu Kristu, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi? Zvino ngatiise maoko edu pane mumwe nemumwe uye tinamate munamato uyu wekutenda, mumwe nemumwe wedu, namata munamato wekutenda.

162 Mwari Vanodikanwa, takanyatsofukidzwa muHupo hweNyu Hutsvene, nokukuonai Muchifamba muchipfuura nemuungano, muchipodza vanorwara kwese-kwese. Muri Mwari. Ndinonamata kuti Mupodze ungano yese iyi. Dai Kufema kwaMwari kwawira patsva mumoyo yavo, uye kwovazivisa kuti nguva yave kupera. Tangosara nechinguvana chidiki kunge tiri pano, zvino tichazova naYe Uyo watinoda. Uye dai zvino Hupo hwaKe hwaunza kupodzwa kumunhu wose.

163 Tinotsiura Satani, tinotsiura mabasa ake ose. MuZita raJesu Kristu, Satani, buda muvanhu.

164 Vose vachaMutenda zvino, uye mogamuchira kupodzwa kwenyu, simukai netsoka dzenyu, iti, "Ini zvino ndinosimuka

kuti ndigamuchire kupodzwa kwangu. Ndinozvitenda." Zvisinei nechinhano chako, kana uchinyatsozvitenda, simuka netsoka dzako. Zvino simudza maoko ako, uye uti, "Ndinokutendai, Ishe Jesu, nekundipodza." Mwari vave nemi. Ameni.

65-0118 Mbeu Yenyonganiso
Westward Ho Hotel
Phoenix, Arizona U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org